

**KONSANTMAN POU BAY ENFÒMASYON
KONSÈNAN
PASYAN ABI ALKÒL/DWÒG
EVALYASYON LOCADTR**

Anile nan Dat: _____ Inisyal Anplwaye: _____

Non Fanmi Pasyan an	Prenon	Dezyèm Prenon
Nimewo Dosye		
Sant Medikal	Inite	

ENSTWIKSYON: **BAY YON KOPI FÒM SA A POU PASYAN AN!** Prepare yon (1) kopi pou dosye pasyan an. Si ou voye fòm sa a ba yon lòt ajans avèk yon demann enfòmasyon, prepare yon lòt kopi pou dosye pasyan an.

KONSANTMAN PASYAN AN POU BAY AK JWENN ENFÒMASYON PÈSONÈL KI IDANTIFYE LI

LIMITE KALITE ENFÒMASYON YO DWE BAY OSWA JWENN:

Tout enfòmasyon ki nesèsè pou konplete yon Nivo Swen Endividyèl pou evalyasyon nan Referans "LOCADTR" pou Tretman pou Abi Alkòl ak Dwòg.

OBJEKTIF OSWA KALITE ENFÒMASYON POU DIVILGE/BAY AK NON ÒGANIZASYON K AP DIVILGE AK JWENN ENFÒMASYON KI IDANTIFYE YON MOUN PÈSONÈLMAN:

Mwen bay konsantman pou yo divilge enfòmasyon konfidansyèl, ba, epi pami enfòmasyon yo, Biwo Sèvis Biwo Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg [Office of Alcoholism and Substance Abuse Services (Alcoholism and Substance Abuse Services, OASAS) Eta New York, sant tretman OASAS Sètifye ki idantifye anwo a ak Peyè / Plan Swen Sante Kontwole _____ pou tretman klinik mwen ansanm ak enfòmasyon nan Sistèm Done Kliyan (Client Data System, CDS) OASAS ak Nimewo Sekirite Sosyal mwen.

Mwen rekonèt y ap divilge nivo evalyasyon detèminasyon swen sante a sèlman ban mwen ak sant tretman OASAS ak Peyè / Plan ki idantifye anwo a. Sof si mwen bay yon pèmision alekri pou yo divilge enfòmasyon yo ba lòt ajans, pwogram oswa peyè.

Answit, mwen rekonèt yo ka evalye enfòmasyon ki pa idantifye mwen pèsonèlman pou yo kapab evalye efikasite zouti evalyasyon LOCADTR.

Mwen, ki siyen anba la a, li sa ki endike anwo a epi mwen otorize Biwo Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg Eta New York ak anplwaye sant medikal OASAS Sètifye ki endike anwo a pou yo divilge ak jwenn enfòmasyon sa yo jan sa endike la a.

Mwen rekonèt mwen ka anile konsantman sa a alekri nenpòt kilè, sof nan limit yo pran aksyon ki depannde li. Konsantman sa a dwe ekspire nan sis (6) mwa ki vini apre siyati li, sof si yon diferan peryòd tan, evènman oswa kondisyon ki endike anba la a, kote peryòd tan, evènman oswa kondisyon sa a dwe aplike. Mwen rekonèt tou nenpòt divilgasyon nenpòt enfòmasyon ki idantifye mwen dwe respekte Pati 2 Tit 42 Kòd Règleman Federal [Code of Federal Regulations (C.F.R.)] ki detèmine konfidansyalite enfòmasyon prive ki nan dosye pasyan abi alkòl ak dwòg, ak Lwa 1996 sou Pòtabilite ak Responsabilite Asirans Sante [Health Insurance Portability and Accountability Act of 1996 (HIPAA)] 45 C.F.R. §§160 ak 164; epitou gen entèdiksyon pou re-divilge lòt enfòmasyon sa yo ba yon lòt moun oswa ajans ki pa endike anwo san mwen pa bay otorizasyon alekri.

NÒT: Nenpòt enfòmasyon yo bay nan fòm sa a **DWE** akonpaye avèk fòm **Entèdiksyon sou Re-Divilgasyon Enfòmasyon Konsènan Pasyan Abi Alkòl/Dwòg (TRS-1)**

Mwen rekonèt anjeneral pwogram nan ka pa poze kondisyon pou tretman mwen sou si mwen siyen yon fòm konsantman, men nan sèten sikonstans limite yo ka ban mwen refi pou tretman an si mwen pa siyen yon fòm konsantman. Mwen resevwa yon kopi fòm sa a.

(Siyati Pasyan an)

(Siyati Paran oswa Responsab Legal)

(Ekri Non Pasyan an Lèt Detache)

(Ekri Non Paran/Responsab Legal an Lèt Detache)

(Dat la)

(Dat la)